


Enstriksyon pou Popilasyon an Kolera

Kolera se yon maladi bakteri ki lakòz enfeksyon, li atake trip moun rapidman. Li transmèt lè moun bwè dlo oswa manje manje ki kontamine, epi li ka transmèt tou de moun a moun. Men siy ak sentòm prensipal kolera yo:



DYARE LIKID,
ki kòmanse bridsoukou, ak yon dezidratasyon rapid epi grav.

Moun nan ka
VOMI,
tou epi an jeneral moun malad la pa fè lafyèv.



Si w gen sentòm dyare nan 10 jou apre w rive nan peyi Brezil, chèche yon sant sante ki pi pre w. Swen an gratis e san danje.

Prevansyon



Toujou lave men w ak savon ak dlo pwòp, sitou anvan w prepare manje a oswa manje l menm, apre w fin al nan twalèt, apre w fin itilize transpò piblik oswa touche yon sifas ki ka sal, apre w fin manyen bèt, chak fwa w retounen sot nan lari, anvan ak apre w fin bay tete ak chanje kouchèt. Nan tout sitiyasyon sa yo, se pou ou toujou lave men w.



Lave epi dezenfekte sifas, zouti ak ekipman yo itilize pou prepare manje.



Pa itilize dlo ki soti nan rivyè gwo kou piti, twou oswa pi ki kontamine pou benyen oswa bwè l.



Mete fatra nan sak epi toujou kenbe kouvèti poubèl la fèmen.



Toujou itilize twalèt, men si sa pa posib, antere pou pou lwen kouran dlo.



Pwoteje manje ak zòn kizin kont ensèk, bèt kay ak lòt bèt yo ankò (mete manje nan resipyan ki fèmen).



Evite manje manje kri oswa manje ki pa byen kwit (sitou fwi lanmè) ak manje kote kondisyon ijyèn, preparasyon ak estokaj yo pa bon.



Trete dlo pou bwè (apre w fin filtre, bouyi oswa mete de gout solisyon ipoklorit sodyòm 2.5% pou chak lit dlo, tann 30 minit anvan w itilize).



Sous: Brasil. Ministério da Saúde. Guia de Vigilância em Saúde, volume 1, 6ª edição, 2024.

SUS
35ANOS

MINISTÉRIO DA
SAÚDE

GOVERNO DO
BRASIL
DO LADO DO POVO BRASILEIRO